

### BAB III


## MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab, hal-hal nu dipedar nya éta (1) lokasi jeung sumber data panalungtikan, (2) desain panalungtikan, (3) métode panalungtikan, (4) wangenan operasional, (5) instrumen panalungtikan, (6) tahap ngumpulkeun data panalungtikan, jeung (7) analisis data panalungtikan.

### 3.1 Lokasi jeung Sumber Data Panalungtikan

#### 3.1.1 Lokasi Panalungtikan

PETA DESA CIKUPA



Gambar 3.1  
Peta Wilayah

Lokasi anu dijadikeun tempat panalungtikan pikeun nyangking data ngeunaan tradisi babarit nya éta aya di Kampung Cibenda pernahna di Désa Cikupa, Kacamatan Banjarsari, Kabupatén Ciamis, Provinsi Jawa Barat.

Désa Cikupa mangrupa salah sahiji désa nu alamat kantor désana aya di Jalan Cikupa, RT 09 RW 02, Dusun Mulyasari.

Wilayah Désa Cikupa miboga lega 1.322.177 Ha. Wates désa ti belah kalér téh Désa Karyamukti, di beulah kidul aya Désa Bojong, di beulah wétan aya Désa Karyamukti, sarta di beulah kulon aya Désa Sidamulih.

Sacara administratif, Désa Cikupa ngawengku 3 dusun, 6 RW, jeung 28 RT kalawan jumlah jalma nu aya di Désa Cikupa téh 2065 urang lalaki sarta awéwéna aya 2120 urang.

Pakasaban masarakat Désa Cikupa téh loba nu jadi patani nya éta aya 1600 urang sarta nu jadi buruh tanina aya 509 urang. Salian dina widang tatanén, masarakat téh aya nu jadi karyawan pausahaan swasta nya éta 75 urang, PNS aya 24 urang, sésana aya nu jadi tukang dagang, montir, pengrajin sarta seniman.

Agama nu diagem ku masarakat Désa Cikupa sajumlahing 99,99 % nya éta agama Islam. Ku kituna, ieu désa dirojong ku *fasilitas* umum pikeun ibadah saperti masjid nu jumlahna aya 12 sarta musolana aya 9 (Perangkat Desa Cikupa dina Format Potensi Desa dan Kelurahan di Desa Cikupa, 2012, kc. 15-37).



### 3.1.2 Sumber Data

Nurutkeun Lofland jeung Lofland (Moleong, 2012, kc. 157), sumber data nya éta kecap-kecap, jeung paripolah, saleuwihna mah mangrupa data tambahan saperti dokumén jeung sajabana. Kecap-kecap jeung paripolah jalma-jalma nu ditalungtik téh mangrupa sumber data utama. Dina nyangking sumber data utama bisa ngaliwatan observasi, wawancara, ngarekam, ngadokuméntasi, jeung sajabana. Sumber data nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta saperti nu ditataan di handap.

- 1) Data ti sesepuh Kampung Cibenda nu dianggap leuwih apal kana tradisi babarit Cibenda. Ieu data dicangking ngaliwatan kekecapan sarta prak-prakan langsung nu dilaksanakeun ku sesepuh babarit.
- 2) Data ti pihak Désa Cikupa pikeun nyangking data ngeunaan kaayaan umum di Désa Cikupa. Ieu data mangrupa data wangun tinulis nu ngawujud dina arsip *profil* désa.

- 3) Data ti sababaraha jalma di Kampung Cibenda, Kacamatan Banjarsari, Kabupatén Ciamis nu apal sarta sok ilubiung dina tradisi babarit.

Tabel 3.1  
Data informan tradisi Babarit di Kampung Cibenda

No.	Ngaran	Umur (taun)	Atikan	Kalungguhan	Alamat	Poto
1	Tarso	63	SD	Patani/Sesepuh	Cibenda	
2	Asikin	67	SD	Patani	Cibenda	
3	Cioh	60	SD	Patani	Cibenda	
4	Wawan	59	SD	Ketua RT	Cibenda	
5	Énah	55	SD	Patani	Cibenda	
6	Murki	67	-	Patani	Cibenda	

\*Tabel diropéa tina Isnéndés (2013, kc. 139)

### 3.2 Desain Panalungtikan

Nurutkeun Sukardi (2013, kc. 68), desain atawa rancangan panalungtikan nya éta gambaran wincik ngeunaan prosés panalungtikan nu bakal dilaksanakeun ku panalungtik pikeun ngaréngsékeun hiji pasualan. Desain panalungtikan biasana mangrupa komponén-komponén panalungtikan nu sacara *komprehensif*


Reni Anggraeni, 2015

TRADISI BABARIT DI KAMPUNG CIBENDA KACAMATAN BANJARSARI KABUPATÉN CIAMIS PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL BUDAYA DI SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

ngagambarkeun urutan prak-prakan nu kudu dilaksanakeun pikeun ngahontal tujuan panalungtikan. Desain panalungtikan tradisi babarit nu dilaksanakeun saperti nu ditataan dina bagan.

Bagan 3.1  
Desain Panalungtikan



### 3.3 Méthode Panalungtikan

Méthode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode etnografi. Nurutkeun Emzir (2012, kc. 144), etnografi mangrupa méthode nu digunakeun ku panalungtik pikeun nalungtik kelompok sosial ngaliwatan sikep niténan jeung partisipasi aktif panalungtik. Etnografi biasana digunakeun dina panalungtikan budaya pikeun nalungtik palaku, paripolah budaya, sarta ajén-ajén nu sipatna nyamuni dina éta budaya.

Dina panalungtikan etnografi, hal nu mimiti ditataharkeun ku panalungtik nya éta nangtukeun hiji budaya nu rék ditalungtik. Kadua, panalungtik nataharkeun patarosan nu patali jeung tujuan nu hayang dihontal tina panalungtikan. Katilu, panalungtik ngumpulkeun data-data panalungtikan ku cara talaah pustaka, observasi, wawancara, dokuméntasi, jeung sadap rekam. Kalima, panalungtik nganalisis data-data nu geus dicangking kalawan dipatalikeun jeung tiori-tiori pustaka. Kagenep, panalungtik nyieun jeung nyusun laporan hasil panalungtikan pikeun bukti tinulis dilaksanakeunana panalungtikan. Saupama data panalungtikan can lengkep, panalungtik bisa nuluykeun prosés panalungtikan ku sabab etnografi sipatna siklus, nu hartina dina prosés nyangking data teu kawatesanan ku tahapan panalungtikan.

Tradisi babarit dijadikeun objék panalungtikan budaya téh ku lantaran ieu tradisi miboga ajén nu luhung saupama dititén tina unsur-unsurna. Dina raraga maluruh éta unsur jeung hal-hal séjén nu nyangkaruk dina éta tradisi, panalungtik ngagunakeun méthode etnografi. Panalungtik henteu ngan saukur niténan, tapi milu aub salaku partisipan dina éta tradisi nepi ka panalungtik bisa euyeub ku data jeung fakta panalungtikan. Ku kituna, pikeun ngahontal éta tujuan panalungtikan, panalungtik ngagunakeun méthode etnografi.

### 3.4 Wangenan Operasional

Dina wangenan operasional ngajéntrékeun istilah-istilah nu aya dina judul panalungtikan sangkan nu maca boga gambaran ngeunaan ieu panalungtikan.

#### 1) Struktural

Struktural atawa struktur nya éta gumulungna unsur-unsur nu silih pakait nepi ka ngawangun hiji sistem nu gembleng. Unsur-unsur nu nyangkaruk dina tradisi ngawengku palaku tradisi, pakakas atawa bahan tradisi, sarta eusi dina runtuyan prak-prakan tradisi.

## 2) Semiotik

Semiotika nya éta élmu nu digunakeun pikeun ngulik rupa-rupa sistem tanda atawa métode analisis nu digunakeun dina raraga maluruh rupa-rupa sistem tanda pikeun medar hal-hal atawa maksud séjén nu nyamuni dina éta tanda.

## 3) Tradisi Babarit

Tradisi babarit nu aya di Kampung Cibenda Kacamatan Banjarsari Kabupatén Ciamis téh mangrupa adat nu nepi ka ayeuna masih dilaksanakeun sataun sakali ku sabagian masarakat Kampung Cibenda. Tradisi babarit mangrupa tradisi salametan lembur sangkan dijauhkeun tina gangguan sato-sato galak sarta hal-hal séjénna nu ngaganggu masarakat. Sacara parak-prakanana, masarakat nu milu aub dina ieu tradisi nataharkeun heula pakakas, bahan, sarta barang naon baé nu kudu dibawa ka leuweung saperti bedog pikeun nyieun gagawar, rupa-rupa kupat, congcot, dawegan, rurujakan, endog, jeung sajabana. Di leuweung, masarakat dipingpin ku sesepuh kampung ngalaksanakeun tradisi babarit.

## 4) Bahan Pangajaran

Bahan pangajaran mangrupa salah sahiji komponén pangrojong dina kagiatan diajar-ngajar, bisa mangrupa bahan tinulis atawa lain tinulis. Ayana bahan pangajaran téh bisa ngarojong guru pikeun ngahontal tujuan pangajaran.

## 5) Maca artikel

Maca artikel mangrupa hiji kagiatan nu dilaksanakeun ku nu maca pikeun nyangking sarta maham amanat tina tulisan bébas. Tulisan bébas mangrupa opini hiji jalma nu medar masalah nu tangtu nepi ka réngsé, miboga udagan pikeun méré nyaho, mangaruhan jeung ngayakinkeun, atawa ngahibur nu maca. Matéri ngeunaan artikel aya di SMA kelas XII nu ngawujud dina Kompetensi Dasar (KD) pikeun ieu materi nya éta *menangkap isi, menganalisis mengevaluasi teks artikel dengan memperhatikan kaidah-kaidahnya (12.4.3)*.

Jadi maksud tina judul “Tradisi Babarit di Kampung Cibenda Kacamatan Banjarsari Kabupatén Ciamis pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Budaya di SMA (Ulikan Struktural jeung Sémiotik)” nya éta panalungtikan pikeun ngadéskrisikeun tradisi babarit, nganalisis unsur semiotika dina éta tradisi, sarta ngalarapkeun hasil panalungtikan pikeun bahan pangajaran maca artikel di SMA kelas XII.

### 3.5 Instrumen Panalungtikan

Instrumen panalungtikan nya éta alat atawa pakakas pikeun ngumpulkeun data lapangan (Sukardi, 2013, kc. 121). Dina enas-enasna mah, instrumen panalungtikan téh sagala hal nu digunakeun pikeun nyangking data-data panalungtikan sangkan hasil datana bisa dijadikeun bukti panalungtikan. Instrumen panalungtikan nu digunakeun dina ieu panalungtikan saperti nu ditataan di handap.

#### 1) Kamera Digital

Kamera digital mangrupa salah sahiji alat dokumentasi nu bisa ngahasilkeun poto atawa gambar (*visual*) sarta video (*audio visual*). Éta alat digunakeun ku panalungtik salian ti pikeun nyangking data panalungtikan, ogé bisa jadi bukti panalungtikan boh dina waktu lumangsungna kagiatan babarit boh waktu prosés wawancara.

#### 2) *Handphone*

*Handphone* mangrupa salah sahiji alat nu digunakeun waktu kagiatan wawancara pikeun sadap rekam ka informan tradisi babarit. Hasil sadap rekam ieu bisa jadi salah sahiji bukti yén panalungtik ngadéskrisikeun data téh dumasar *informasi* nu nyata.

#### 3) Padoman Wawancara

Padoman wawancara digunakeun pikeun nungtun panalungtik dina prosés wawancara sangkan bisa museur kana patarosan-patarosan nu penting pikeun nyangking data. Ku ayana padoman wawancara, prosés wawancara bisa leuwih efektif utamana dina soal waktu.

Tabel 3.2  
Padoman Wawancara

Rumusan	Padoman wawancara dina wangun <i>pernyataan</i>
Asal-muasal	1. Asal-muasal ayana tradisi babarit di Kampung Cibenda
	2. Waktu mimiti ngalaksanakeun tradisi babarit
	3. Asal-usul ngaran tradisi babarit atawa nyasajén
	4. Tujuan dilaksanakeunna tradisi babarit
	5. Fungsi tradisi babarit
Prak-prakan	6. Runtuyan prak-prakan tradisi babarit
	7. Du'a atawa mantra dina tradisi babarit
	8. Ngagantungkeun rupa-rupa kupat dina gagawar
	9. Hal nu ulah direumpak dina tradisi babarit
Pakakas jeung Kadaharan	10. Pakakas nu digunakeun dina tradisi babarit
	11. Kadaharan dina tradisi babarit
	12. Fungsi pakakas jeung barang-barang nu digunakeun dina tradisi babarit
Unsur semiotik	13. Ikon, indéks, jeung simbol dina tradisi babarit

\* Tabél diropéa tina Isnendes (2013, kc. 124)

### 3.6 Tahap Ngumpulkeun Data Panalungtikan

#### 3.6.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik nu digunakeun dina ngumpulkeun data panalungtikan tradisi babarit nya éta téhnik obsérvasi, wawancara, jeung dokuméntasi.

##### 1) Téhnik Observasi

Observasi atawa niténan sacara langsung téh mangrupa salah sahiji cara pikeun nyangking data utama dina panalungtikan tradisi babarit. Data utama dina panalungtikan téh nyoko kana kaayaan langsung dina waktu kagiatan, ti mimiti tatahar nepi ka lumangsungna prak-prakan babarit. Salian ti niténan, panalungtik ogé milu aub dina kagiatan.



Dina nyangking data panalungtikan, panalungtik kudu maham kana objék nu ditalungtik. Spradley (dina Sugiyono, 2012, kc. 68) nétélakeun yén objék panalungtikan téh ngawengku salapan komponén, anu dipatalikeun jeung tradisi babarit.

- (1) *Space (the physical place)*, nu ngawengku ruang dina aspék fisik. Aspék fisik dina ieu panalungtikan nya éta leuweung Curug Anta nu dijadikeun tempat ritual tradisi babarit.
- (2) *Actor (the people involve)*, nya éta jalma-jalma nu milu aub dina situasi sosial. Jalma-jalma nu milu aub dina tradisi babarit nya éta sabagian masarakat nu aya di Kampung Cibenda, Sukagalih, Pasir Gombang jeung Panonoban.
- (3) *Activity (a set of related acts people do)*, nya éta runtuyan prak-prakan nu dilaksanakeun ku masarakat. Runtuyan prak-prakan tradisi babarit téh mibanda tilu bagian nya éta prak-prakan saméméh babarit, prak-prakan waktu lumangsungna babarit, sarta prak-prakan sabada babarit.
- (4) *Object (the physical things that are present)*, nya éta barang-barang nyampak di tempat kagiatan. Dina tradisi babarit, pakakas jeung kadaharan nu kudu aya téh nya éta gagawar, iket, ancak, obor, menyan, tapas kalapa, rupa-rupa kupat, congcot, bubur beureum, bubur bodas, endog, cai kopi, dawegan, jeung rurujakan.
- (5) *Act (single actions that people do)*, nya éta paripolah-paripolah nu tangtu dina kagiatan. Unggal palaku dina tradisi babarit kudu mawa kadaharan nu geus ditangtukeun ku sesepuh babarit sarta kudu tumut kana aturan babarit nya éta dipahing nyalar.
- (6) *Event (a set of related activities that people carry out)*, nya éta sajumlahing kagiatan nu dipigawé ku jalma. Tradisi babarit mangrupa kagiatan masarakat nu sipatna tangtu ti mimiti waktuna, tempatna, hal-hal nu ditataharkeun nepi ka runtuyan prak-prakanana.
- (7) *Time (the sequencing that takes place over time)*, nya éta waktu dilaksanakeunana kagiatan. Tradisi babarit dilaksanakeunana unggal taun méh nyanghareupan bulan Mulud, nya éta ping 25 bulan Sapar dina taun Hijriyah.

- (8) *Goal (the things people are trying to accomplish)*, nya éta tujuan nu hayang dihontal ku jalma-jalma nu ngalaksanakeun kagiatan. Tujuan diayakeunana babarit téh sangkan masarakat jeung ingon-ingonna henteu diganggu ku maung Siliwangi.
- (9) *Feeling (the emotion felt and expressed)*, nya éta émosi nu dirasakeun jeung diéksprésikeun ku jalma-jalma nu ngalaksanakeun kagiatan. Tradisi babarit dilaksanakeun ku masarakat téh ku lantaran ayana rasa sieun diganggu ku maung. Sanggeus éta tradisi dilaksanakeun mah, masarakat ngarasa leuwih tingtrim, sarta henteu ngarasa sieun.

## 2) **Téhnik Wawancara**

Wawancara nya éta téhnik ngumpulkeun data nu digunakeun dina panalungtikan kualitatif. Wawancara mangrupa interaksi komunikasi atawa paguneman antara nu ngawawancara (*interviewer*) jeung nu diwawancara (*interviewee*) kalawan maksud pikeun nyangking informasi ti *interviewee*. *Interviewee* dina panalungtikan kualitatif nya éta informan nu miboga pangaweruh sarta pamahaman nu rék dicangking ku *interviewer* (Satori jeung Komariah, 2010, kc. 129).

Wawancara mangrupa salah sahiji cara pikeun nyangking data utama dina panalungtikan tradisi babarit. Ayana prosés wawancara téh miboga tujuan pikeun ngadeudeulan data-data nu kacangking tina observasi. Wawancara nu dilaksanakeun dina ieu panalungtikan nya éta wawancara ka pihak-pihak nu sacara langsung milu aub dina babarit saperti sesepuh babarit nya éta Ki Tarso, Wawan salaku Ketua RT, sarta lima informan utama nya éta Asikin, Cioh, Wawan, Énah, jeung Murki.

## 3) **Téhnik Dokuméntasi**

Nurutkeun Sugiyono (2012, kc. 82), dokuméntasi mangrupa catetan peristiwa nu geus kaliwat, bisa mangrupa tulisan, gambar atawa karya-karya séjénna saperti pilem atawa *video*. Alat nu digunakeun dina ieu téhnik mangrupa alat elektronik saperti *handphone* jeung kamera digital. Ayana téhnik dokuméntasi téh pikeun salah sahiji bukti yén prosés panalungtikan bener-bener dilaksanakeun ku panalungtik.

Objék dokumentasi dina ieu panalungtikan nya éta hal-hal nu patali jeung tradisi babari boh nu sipatna tulisan boh lain tulisan. Objék dokumentasi nu mangrupa wangun tulisan saperti dokumén data désa Cikupa, sedengkeun objék dokuméntasi nu mangrupa lain tulisan nya éta poto informan, poto perpustakaan, poto saméméh, waktu prak-prakan, jeung sabada babarit, video waktu prak-prakan babarit, sarta rekaman hasil sadap rekam ka informan.

### 3.6.2 Léngkah-léngkah Ngumpulkeun Data Panalungtikan

Dina ngumpulkeun data panalungtikan, aya léngkah-léngkah nu dilaksanakeun ku panalungtik nya éta nu ditataan di handap.

- 1) Panalungtik ménta ijin ka sesepuh babarit pikeun ngalaksanakeun panalungtikan ngeunaan tradisi babarit.
- 2) Panalungtik nyieun jeung nyusun daftar patarosan ngeunaan tradisi babarit.
- 3) Panalungtik ngawawancara informan utama luyu jeung padoman wawancara.
- 4) Panalungtik ngadokuméntasikeun tahap tatahar tradisi babarit.
- 5) Panalungtik niténan jeung milu aub dina tradisi babarit, sarta ngadokuméntasikeun runtuyan prak-prakan tradisi babarit.
- 6) Panalungtik observasi ka Kantor Désa Cikupa pikeun ngadeudeulan data ngeunaan lokasi panalungtikan.

### 3.7 Analisis Data

Nurutkeun Seiddel (Moleong, 2012, kc. 248), analisis data kualitatif nya éta usaha pikeun ngumpulkeun data lapangan, milah jeung milih data, ngelompokkeun data, sarta néangan jeung nyusun maksud nu nyangkaruk dina data. Analisis data mangrupa kagiatan ngolah data nu dilaksanakeun sanggeus panalungtik miboga data-data ngeunaan tradisi babarit di Kampung Cibenda, pernahna di Désa Cikupa, Kacamatan Banjarsari, Kabupatén Ciamis.

Aya sababaraha tahapan sanggeus data kakumpul, nya éta nu mimiti ngolah data ku cara milah jeung milih data nu luyu jeung nu ditalungtik. Kadua, éta data didéskripsikeun saluyu jeung tujuan panalungtikan. Sanggeus éta data didéskripsikeun, tuluy dianalisis dumasar unsur semiotika Pierce nu ngawengku

ikon, indéks, jeung simbol. Hasil déskripsi data nu geus dianalisis téh dijieun artikel pikeun salah sahiji alternatif bahan ajar dina pangajaran maca artikel di SMA. Pamungkas, nyieun kacindekan ngeunaan ulikan struktural jeung sémiotik dina tradisi babarit nu aya Kampung Cibenda, Kacamatan Banjarsari, Kabupatén Ciamis.